ФИФЕ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№100 (21.508) ● 2009 гъэм накъыгъэм (майм) и 29, мэрем ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутат Къэжэр Альберт Хьэту и къуэм и полномочиехэр я пIалъэр къэмысу щхьэщыхьыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатым и статусым и Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 4 статьям и яп1ыхьэм и «а» пунктым тету, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI:**

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутат, «Зыуэ щыт Урысей» политикlэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм къыбгъэдэкIыу республикlэ хэхакIуэ округ зэгуэтым щыхаха Къэжэр Альберт Хьэту и къуэм и полномочиехэр я пIалъэр къэмысу, 2009 гъэм накъыгъэм и 13-м щыщIэдзауэ, щхьэщыхьын.

2. Мы Унафэм къару егъуэт къыщацта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщI

ЧЕЧЕНОВ Ануар

Налшык къалэ
2009 гъэм накъыгъэм и 28-м
№72-П-П

● Сурэтхэм къаIуатэ

Байконур и зы махуэ

Федералькъэ хьэрыт агентствэмрэ («Роскосмос») «Энергия» Ракетэ-хьэрыт корпорацэмрэ я унафэщIхэм ирагъэблагъэри, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Президент Къанокъуэ Арсен щыIащ Байконур космодромым.

Сурэтхэм: **КЪР-м и Президент Къанокъуэ Арсен «Буран» хьэрыт кхъухьлатэм ису.**

КЪР-м и Президент Къанокъуэ Арсенрэ Байконур къалэм къэрал кIуэцI Iуэхуэхмкlэ и къудамэм и унафэщI, подполковник Сыжажэ Хьэсенрэ абдеж щызэрыцIыхуащ.

Къанокъуэ Арсен «Вести-24» телеканалым фыщедаIуэ

«Кризисым теухуауэ губернаторхэм жаIэ» проект щыхэзгъэм, хиубыдэу Къанокъуэ Арсен «Вести-24» телеканалым къыщыпсэлъэнущ.

ПРОГРАММЭР щатхым КЪР-м и Президентым хэхауэ зыпкърихащ дуней псом финанс Iуэхуэхэр зэрыщызэIыхьам кхыхэкIыу Къэбэрдей-Балъкъэрым и экономикэ щытыкIэм игъэта зэхъуэкIыныгъэхэр, кризисым пощIэтыныжмкI республикэм щалэжьхэр, мэкъуамэщ хозяйствэм, промышленностым, хьэрычэт Iуэхум зэрызаужьыр. А псалъэмакъыр эфирым кIуэнущ мэкъуаузгъуэм и 1-м сыхьэт 17.35-мрэ сыхьэт 23.35-рэ. Интервьюр апхуэдэу www.vesti.ru. сайтым ираIэтхэнущ.

Мы проектыр дызэрыт илъэсым и мэлыжьыхь мазэм кызэIуахащ. Абы лъандэрэ эфирым кIуащ щыIалъэ зыбжанэм я губернаторхэм драгъэкIуэкIа псалъэмакъэр.

Жэщми махуэми зэпымуеуз лажьэ «Вести-24» телеканалыр Урысейпсо къэрал телерадиокомпанием (ВГТРК-м) хохьэ. Абы Урысейм и закъуэ цIыху мелуан 50-м нэблагъэ щоплъ.

● КъБР-м и Правительствэм

ЗэфIэгъэкIыпхъэхэр мащIэкъым

КъБР-м и Правительствэм и зи чэзу зэIущIэр дыгъуасэ екIуэкIащ. Абы хэтащ республикэм и Правительствэм и Унафэщ Ярин Андрей, абы и кIуэдзэхэу Тхьэзэплъыж Мурат, ДышэкI Мадинэ, Уянаев Казым, министрхэр, район администрацэхэм я Iэтащхьэхэр, ведомствэ щхьэхуэхэм я унафэщIхэр.

ЗЭIУЩIЭМ щытепсэлъыхьащ КъБР-м и Правительствэм министерствэхэм яхуигъэува къалэнхэр зэрызэфIагъэкIымрэ языныкъуэ унафэхэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн зэрыхуеймрэ. Псори зэхэту зэIущIэм Iуэхугъуэ 26-м щытепсэлъыхьащ.

Республикэм экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкIэ и министр Мусуков Алий зи гугъу ищIахэм ящыщщ «КъБР-м и щэсыпIэ фондымуней Iуэхущапlэм мылькукIэ дэIэпыкъун зэгухэзныгъэ къызэгъэпэщын зэрыхуейм. Министрым къызэрилытэмкI, апхуэдэ щIэгъэкъуэн иIэмэ, фондым и Iуэхуэхэр нэхъ псынщIэу дэкIынущ икIи efIэкIуэнущ. Адэкlэ Мусуковыр къытеувыIащ хьэрычэтыщIэ Iуэху щыIалъэ зезыпщытахэм кхыхалъхьэ проектхэм мылъкыу яхуэхъуэхым кIэлъыплъ къэпщытакIуэ гупым хэпльхьэн зэрыхуейр. 2009 гъэм республикэм щрагъэкIуэкIыну ухуэныгъэщIэхэми тIу кхыхэхьуащ: Бахьсэн, Прохладнэ кхьалэхэм футбол щыджэгъуну губгъуэхэр щащIынущ. Абы текIуэдзэну мылькум и нэхыбэр федералькъэ бюджетым кхыхэкIынущ.

КъБР-м финансхэмкIэ и министр Бышэн Азрэт кхыгъуэвыIащ 2009 гъэм и яп1э мазищым республикэм бюджетыр зэрагъэззэщIам. Министрым зэрыжиIэмкIэ, республикэм и бюджетым хэхъуэ нэхъыбэ кхъэныр кхыхах налогыращ. Ар нэхъыфIу зытыр цIыху щхьэхуэхэрщ, хэрэ мылъкур бэдзэнду зэраIыгъым техьэ налогыр тэмэму кхъахэхэрыркъым.

Республикэм и язныкъуэ муниципалькъэ районхэм цIыхухэм социальнэ Iуэхуэхъбзэхэр яхуэзэщIэ Iуэхуэхъбзэхэр яхуэзэщIэ къэрал Iуэхущапlэхэр кхыщызэгъэпэщын зэрыхуейм тепсэлъыхьащ КъБР-м лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министр Тюбеев Альберт. Абы зэрыжиIэмкIэ, цIыхухэм хуащIэ Iуэхутхъбзэ елытакIэ гуэщауэ Iуэхущапlэ цIыкIуэр районхэм щыIэщ. Ахэр зэхэгъэхьэжауэ, зы къэрал Iуэхущапlэу щытмэ, я лэжьыгъэр нэхъ дэкIынущ.

ЗэIущIэм и кIэм КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ Ярин Андрей кхыхэхуащ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэм халъхьэ зэхъуэкIыныгъэщIэхэм икIи кхыхигъэщащ етIуанэ ильэс ныкъуэм кхыщыщIэдзауэ абы кIэрыгъуэ жыпхъэщIэхэм тету я лэжьыгъэр зэраубзыхупхьэр. Апхуэдэу Ярин Андрей кхьитеувыIащ Гуэргум шынагъуэншэу щызэкIуэным теухуа хабзэхэр нэхъыбэрэ кхыщызэпауд щыналъэхэм ди республикэр зэращыщыр, а ныкъуасанытыр зэрэзэкIуэжьым хэкIыпIэхэр кхыхуэгъуэтыныр милицыхэм я мызакъуэу, дэтхэнэ зы кхулыкъущIэми и кIалэну зэрыщытыр. Республикэм и Правительствэм и Унафэщым зэрыжиIамкIэ, Гуэргум кхыщыхъу насыпнышагъэхэр кхашэ дамыгъэхэр тэмэму кхыззэрымыгъэлъэгъуам, светофорхэр зэрымылажьэм, язныкъуэ щIыпIэхэм тэмэму уэздыгъэ зэрыщымыблэм.

ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэ.

Экономикэм и иджырей щIпыкIэм теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и делегацэр хэтынущ мэкъуаузгъуэм и 4 - 6-хэм Санкт-Петербург щекIуэкIыну Дунейпсо экономикэ зэхъуэсыщхьуэм. Ар теухуащ иджырей дунейпсо зыужьыныгъэм пыщIа Iуэху нэхъыщхьэхэм.

ЗэIущIэм щыхэплъэнущ финансыр IэнатIэхэм я щыгъкIэм, банк IэнатIэм зегъэужьыныжмкI щыIэ хэкIыпIэхэм, экономикэр зэтегъэуэвэжьным хуэунэтIауэ правительствэхэм ирагъэкIуэкI лэжьыгъэм къркIуэхэм. Гулытэ хэха хуащIынущ а Iуэхуэхэр дэгъэкIынымкIэ Урысейм и1э мыхьэнэм. Зэхуэсым кърихьэлIэнущ дунейпсо политикэмрэ хьэрычэт Iуэхумрэ щыпашэ лэжьакIуэхэр, экономист, эксперт щIэрыIуэхэр.

ХЬЭПЭ Маринэ.

● Дифl догъэлъапIэ

Нобэ, накъыгъэм и 29-м, илъэс 80 ирокъу Къэрэшей-Шэрджэсым и Тхахlуэхэм я зэгухьэныгъэм и гуащэ, филологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор, ЩIДА-м и вице-президент Бемырзэ Iейлъэ Iэбубэчыр и пхъур. Лейлэ и махуэ къапIэмкIэ йохъуэхъу Адыгэ Академием хэтхэр, Дунейпсо, Къэбэрдей Хасэхэр.

● Дыгъуасэ

ЩIэпхъаджащIэхэр къапэуват

Накъыгъэм и 28-м Налшык къалэм Мечниковым и цIыкIэ щыIэ уэрамым къатиплIу щыIэтет унэм и фэтрэхэм ящыщ зым зыщызыгъэзыда щIэпхъаджащIэхэр щIэпхъаджащIэхэр зэрыщыкIуэ щIэпхъаджащIэхэр щIэзэтрауКIащ. Абыхъэм къыкъуахащ Калашниковым и автоматхэр, щэхэр, къагъауэ пкыгъэуэу куэд. Боевикхэм ящыщ зым, зэрыхуагъэфащэмкIэ, Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм щатха, 1983 гъэм къалъуа Ристов Мурат Борис и къуэрщ.

Зэхуэу щекIуэкI щIыпIэм пэгъунэгъу унэхэм щыпсэу щIыхь мамырхэм лей къатемыхьэн папщIэ, ахэр пасэу я фэтэрхэм къыщIагъэIэпхъуэкIат.

ЩIэпхъаджащIэхэм яп1эщIэта хабзэхьуэм органхэм яящыщ щIалитIым уIэгъэ ягъуэтащ.

Къэхъуам ехьэлIа уголовнэ Iуэху къаIэтащ.

КъБР-м и хабзэхьуэм IэнатIэхэм Зыуэ щыт я хъыбарегъащIэ центр.

● Къулыкъу

Министрхэм я къуэдзэхэр ягъэув

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэм и министерствэу тIум кадр зэхъуэкIыныгъэхэр щрагъэкIуащ. КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ Ярин Андрей Iэ зыщIидза унафэм ипкъ иткIэ ираташ:

Кулиев Мустэфир Ахьмэт и къуэм - КъБР-м промышленностымкIэ, гъэсныпхъэ-энергетикэ комплексымрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министрым и къуэдзэм и къулыкъур;

Сидорук Татьянэ Михаил и пхъум - КъБР-м мэкъумэщ хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэхэмкIэ и министрым и къуэдзэм - КъБР-м Мэкъумэщ хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэхэмкIэ и министерствэм экономикэ анализымкIэ, прогнозэмкIэ, субсидиехэмкIэ, къуажэ щIыналъэхэм зегъэужьыныкIэ и департаментым и унафэщым и къалэнхэр зыгъэзащIэм и къулыкъур;

Дзэхъу Валерий Атэбий и къуэм - КъБР-м мэкъумэщ хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэхэмкIэ и министрым и къуэдзэм - КъБР-м Мэкъумэщ хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэхэмкIэ и министерствэм мэкъумэщ къэкIыгъэхэмрэ Iэщ гъэхъуныжмкIэ и департаментым и унафэщым и къулыкъур.

ЯукIыну жаIэ

«VRT» телеканалым кыызэрытыжкIэ, Бельгием хамэ къэрал Iуэхуэхмкlэ и министр Карел де Гюхт яукIыну жаIэуэ, щIэпхъаджащIэ гуэрэм яцэшыныну хуэщ.

Ар гуузу яукIыну зэрамурадым теухуа письмо щIэпхъаджащIэхэм хуатхащ телеканалым. А тхыгъэм кьыззорыхъ щыжкIэ, США-м Куба щIэ Гуантанамэ лъэхъуэщым щаIыгъ цIыху зыбжанэ Бельгием и тутнакъэщхэм къэшэным къэралым и правительствэр хэплъэну хьэзыру зэрыжаIауэ щытарщ Гюхт хуамыгъэгъур.

Письмом пыщIа Iуэхур полицэм зэхегъэкI.

Бий къалыхьуэр

Абхъазым и вице-президент Хаджимбэ Рауль и къулыкъум дыгъуасэ текIащ.

2010 гъэм къэралым щекIуэкIыну президент хэхыныгъэхэм Хаджимбэ щытекIуэфыну куэдым хуагъэфащэрт. НобэкIэ щыIэ хьыбархэм ятепщIыхьмэ, а хэхыныгъэхэм хэтынур Президент Бэгъэнщ Сергейрэ хьэрычэтыщIэ Бутбэ Беслъэнрэщ.

- Сэ си кулыкъум сытокI. Дапщкlэ политикэ Iуэху зесхуэнри зыхуэIуа щыIэкъым,- яжриIащ Хаджимбэ журналистхэм.

Абы кьыззорилытэмкIэ, Абхъазыр нобэ властым и кризисым эщIнуIащ. Ар арэзыкым властыр отношэщхэм зэрыхущытыжмкIэ. «Къэрал кIуэцIым бий къыщыплъыхьуэ хъунукъым. УнафэщIхэм я тельхъэу щымытхэм я бийуэ Абхъаз телевиденэм щекIуэкI пропагандэм кьэралыр IыхьитI ирещIыкI», - жеIэ Хаджимбэ Рауль.

Клинтон къыхелъхьэ

США-м и президентыр дыгъуасэ Iущащи Палестинэм и унафэщI Аббас Мэхьмуд. Абы и мурадш КъуэкIыщIэ Гъунэгъур мамыру щытыным пыщIа Iуэхугъуэхэм нэхъ хэкIуэгъуэ елъэныну.

Вэсэмахуэ щыщIэщхьэм Аббас Iущащи США-м и къэрал секретарь Клинтон Хиллари. Клинтон я зэIущIэм Израильыр къыщыхуриджащ Иордан псы Iуфэм журт жылагъуэхэр кегъэтIысэжIыныр щIигъэтыну. Апхуэдэу яухуа форпост 20 хуэдиз кьутэжыныр къыщыгъэлъэгъуащ «Гъэзэг картэ» зыфIащa дунейпсо планым. А Iуэхугъуэр нэхъыщIхьэу кьоув Палестинэмрэ Израильмрэ яку мамыру зэдгъэныжмкIэ.

1967 гъэ лъандэрэ Палестинэм и щIыналъэу Израилым иубыдам щаухуащ журт жылагъуэу 121-рэ. Абы щопсэу цIыху мин 260-рэ. США-ми нэгъуэщI къэралуэ куэдми жаIэ Израилым а щIыр имейуэ, зауэкIэ зыIэщIилъхьауэ зэрыщытыр.

НОБЭ

◆ **ООН-м и мамырщIэкъуэкъаруэм я дунейпсо махуэщ.**

◆ Нигериемрэ демократием и мазэр щагъэзыпIэ. Илъэс 15-кIэ зауэ диктатурэр щытепщэу щыта нэужь, къэралым конституцэм лэжьэн щыщIидзэкащ 1999 гъэм накьыгъэм и 29-м.

◆ Накьыгъэм и 29 - 30-хэм Москва, «Экспоцентр» гъэлъэгъуэныгъэ комплексым щызэхэтынущ пхуэмыгъэIэпхъуэ мылькумрэ инвестицэмкIэ дунейпсо епIыныгъэ.

◆ Накьыгъэм и 29 - мэкъуаузгъуэм и 1-хэм Москва и Урысейпсо къэзыгъэныгъэ центрым щекIуэкIынущ 22-нэ епIыныгъэр, «Экологие и лъэныкъуэкIэ кьабзэ, щынагъуэншэ продукци» зи фIэщыгъэщIэр.

◆ **Дыгъэр кьыщIэкIащ сыхьэти 5-рэ дакьикъэ 30-м, кьуэлъэжыну сыхьэт 20-рэ дакьикъэ 37-м.**

◆ **Махуэм и кIыхьагъщ сыхьэт 15-рэ дакьикъи 7-рэ.**

Планэтэр щIэхъуэжыр ГЪУЩIО Зарифи.

● Хъыбарыфl

Бжыгъэхэм къагъэлъагъуэ

Урысейм и Федералькъэ казначействэм кхихутащ къэралым и щIыналъэхэм щиIэ Iуэхущапlэхэм щыщу нэхъыфIу лажьэхэр. Ар хэпльащ Iуэхущапlэхэм я лэжьыгъэм 2009 гъэм и яп1э мазищым кьриубыдэу кьриIуэ бжыгъэхэр зэхуэдизыр.

А бжыгъэхэм кьызэрагъэлъэгъуамкIэ, псом нэхърэ зи лэжьыгъэр нэхъыфIу къыщIэкIар Къэбэрдей-Балъкъэрым и казначействэращ.

● Псапэ

Сабий куэд зиIэ унагъуэхэм жэм къашхэр ират

Мэкъуаузгъуэм и 1-м щыщIэдзауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щагъэзэщIнущ республикэ сабий фондым и жэрдэмкIэ зэхэлъхьа «Сабий куэд зэрыс унагъуэ къэс - жэм кьаш» проектыр. Абы щыщ икIи щыщ ящыхьауэ сабии 7, нэхъыбэ зиIэ унагъуэ республикэм ис псоми жэм кьыхуащэхунущ.

КъБР-м и Сабий фондым и унафэщI Умэ Светланэ зэрыжиIамкIэ, яп1э щIыкIэ жэм зыхуэфащэхэм я спискэр фондым щызэхалъхьэ, абы и уэкIкIэ мы Iуэхум ахъшэ кьыхэзыльхьнухэр кьагъуэт.

Iэщыр дэтхэнэ унагъуэмэ езым кьыхех, ар зыщэм хуэфащэ ахъшэр сабий фондым зэхуэнкъэсым щыщу ириту ираш. Апхуэдэу жэм кьызыхуащэхуахэм хуха мэкъумыдзэрэ Iусыпхъэрэ зэгъэпэщыным текIуэдэну ахъшэрэ.

Зэман гъунэгъум кьриубыдэу жэм кьызыхуащэхунухэм я спискэм унагъуэщхэхэм щыщу 32-рэ иратащ. Абыхъэм ядэIэпыкъуну зэрыарэзымкIэ Сабий фондым хьыбар кьратащ Iущащи КъБР-м и судыщIэхэм я зэгухьэныгъэм, КъБР-м щыIэ МВД-м и УГИБДД-м и лэжьакIуэхэм, нэгъуэщIхэми. Ящу кьыщIэкIар проектыр гъэзэщIэным халъхьэн папщIэ, я еыгъэм я лэжьыгъэхэр КъБР-м и Сабий фондым ираташ сурэтыщIхэу Црым Руслан, Горлов Михаил, Жылэ Анатолэ, Акъсырэ Михаил, ПIаз Аслъан, модельер Хьэщlыкlэ Зыхуаф сымэ.

Умэ Светланэ къызэрилытэмкIэ, мы проектым мыхьэнэщхэу иIэнущ зэгухьэныгъэм я псэукIэр егъэдIэкIуэныжмкIэ, уней щIапIэхэр тэмэму зэтегъэувэныжмкIэ, унагъуэ нэхъ щIыщIагъэм щыщ сабийхэр мэкъумэщ лэжьыгъэм егъэсэныжмкIэ.

МЕЧИЕВ Асхьэт,

КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущапlэм и лэжьакIуэ.

● Зэ1ущIэхэр

Тезыру сом мин 300 е илъэсищ

-Зыуэ щыт Урысей- партым и Совет Нэхъыщхьэм и унафэщIхэм ящыщ Шойгу Сергей кьыхихьащ лъэпкъ зэхэгъэж зыщIхэр уголовнэ жьауат ещIэлапIихьэу, тезыр хуэфащи тельхъэн хуейуэ. Шойгу и жэрдэмыр диныгъащ УФ-м и Къэрал Думэм хэт «Зыуэ щыт Урысей» фракцэм. Депутат гуп Iуэхум хэпльэри, унафэ зыбжанэ кьащтащ, лъэпкъ зэхэгъэж зыщIхэм теухуауэ УФ-м и Уголовнэ кодексым зэхъуэжкIыныгъэ гуэркъэн хуейуэ. А Iуэхугъуэращ «Зыуэ щыт Урысей» партым и къэралхэкупсэ клубыр иджыблагъэ зэхуэзышIэсар. ЗэIущIэр кьыззIунхащ икIи иригъэкIуэкIащ КъБКъУ-м и юридическэ къудамэм и унафэщI ГъэкIэпщокъуэ Мурат.

Къэрал Думэм кьыщыхальхьа законопроектым кьеГъуэ щыхуБэм кьыдалъагъуу лъэпкъ зэхэгъэж Iуэху зезыхуэм, нацизмэр къэгъэщIэрэщIэжьным тепсэлъыхьым тезыру сом мин 300-м нэс тралъхьэну е илъэси 3-м нэс тутнакъэщым исыну. И кьулыкъур е хьыбарегъащIэ Iэмалхэр кьыгъэсэбэну апхуэдэ Iуэху базджэ зезыхьэ унафэщIхэм я тезырыр сом мини 100 - 500-м нос, илъэситхукIэ хьэпсым ирагъэсыфынущ, кьикIыжа нэужьи и Iэнатlэ иIыгъам хуэдэм илъэсищкIэ пэрыхьэну хуимыту.

ЗэIущIэм хэтахэм кьызэральытэмкIэ, законопроектым кьыбгурымыIуащэу Iыхьэ зыбжанэ хэльщи, абы елъэжьыжьын хуейщ. ЕкIуэкIа зэIущIэм кьрихьэлIащ икIи абы кьыщащэта Iуэхум хэпсэлъыхьащ КъБКъУ-м политологиемкIэ и кафедрэм и унафэщI Тен Тимур, юридическэ факультетым и студентэр.

ШУРДЫМ Мадинэ.

● Гъуэгу къежьапIэ

Куэдкlэ угъэгугъэ

Москва кьыщыдэкIащ «Псом ящхьэр дэ тхэльщ» усэ тхыльыр. Абы щызэхуэхьэсащ «Сэ гъуэзджэм и гъащIэм сыхохьэ» урысейпсо фестивалым и литературэ зэпеуэм щытекIуаХэм я Iэдакъэщ1кIэхэр. Ахэр псори хохьэ «СверА» урысейпсо сабий литературэ студием.

Педагогикэ щIэныгъэхэм я кандидат Ростовский Вадим кьыхигъащIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым Сабийхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ я творческэ зыужьыныгъэмкIэ и центрым и гъэсэнхэм зэчийшхэу эрабгъэдэлъыр.

- Богдашкин Екатеринэ, Щомахуэ Ашэмэз, Къэрцей Альберт, Теунэ Милан, Лъуп Каринэ, Криштал Юлие, Бжендзе Каринэ сымэ я усэхэмрэ рассказхэмрэ, щэн хэмылъу, кьыздэгъэкI тхьытыр ягъэдэхэнущ, - жиIащ Ростовскэм.

● Дыгъуасэ

ЩIэпхъаджащIэхэр къапэуват

Накъыгъэм и 28-м Налшык къалэм Мечниковым и цIыкIэ щыIэ уэрамым къатиплIу щыIэтет унэм и фэтрэхэм ящыщ зым зыщызыгъэзыда щIэпхъаджащIэхэр щIэпхъаджащIэхэр щIэзэтрауКIащ. Абыхъэм къыкъуахащ Калашниковым и автоматхэр, щэхэр, къагъауэ пкыгъэуэу куэд. Боевикхэм ящыщ зым, зэрыхуагъэфащэмкIэ, Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм щатха, 1983 гъэм къалъуа Ристов Мурат Борис и къуэрщ.

Зэхуэу щекIуэкI щIыпIэм пэгъунэгъу унэхэм щыпсэу щIыхь мамырхэм лей къатемыхьэн папщIэ, ахэр пасэу я фэтэрхэм къыщIагъэIэпхъуэкIат.

ЩIэпхъаджащIэхэм яп1эщIэта хабзэхьуэм органхэм ящыщ щIалитIым уIэгъэ ягъуэтащ.

Къэхъуам ехьэлIа уголовнэ Iуэху къаIэтащ.

КъБР-м и хабзэхьуэм IэнатIэхэм Зыуэ щыт я хъыбарегъащIэ центр.

Сабий куэдым я къэрал

Накъыгъэм и 1-м щыщIэдзауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щагъэзэщIнущ республикэ сабий фондым и жэрдэмкIэ зэхалъхьа «Сабий куэд зэрыс унагъуэ къэс - жэм кьаш» проектыр. Абы щыщ икIи щыщ ящыхьауэ сабии 7, нэхъыбэ зиIэ унагъуэ республикэм ис псоми жэм кьыхуащэхунущ.

КъБР-м и Сабий фондым и унафэщI Умэ Светланэ зэрыжиIамкIэ, яп1э щIыкIэ жэм зыхуэфащэхэм я спискэр фондым щызэхалъхьэ, абы и уэкIкIэ мы Iуэхум ахъшэ кьыхэзыльхьнухэр кьагъуэт.

Iэщыр дэтхэнэ унагъуэмэ езым кьыхех, ар зыщэм хуэфащэ ахъшэр сабий фондым зэхуэнкъэсым щыщу ириту ираш. Апхуэдэу жэм кьызыхуащэхуахэм хуха мэкъумыдзэрэ Iусыпхъэрэ зэгъэпэщыным текIуэдэну ахъшэрэ.

Зэман гъунэгъум кьриубыдэу жэм кьызыхуащэхунухэм я спискэм унагъуэщхэхэм щыщу 32-рэ иратащ. Абыхъэм ядэIэпыкъуну зэрыарэзымкIэ Сабий фондым хьыбар кьратащ Iущащи КъБР-м и судыщIэхэм я зэгухьэныгъэм, КъБР-м щыIэ МВД-м и УГИБДД-м и лэжьакIуэхэм, нэгъуэщIхэми. Ящу кьыщIэкIар проектыр гъэзэщIэным халъхьэн папщIэ, я еыгъэм я лэжьыгъэхэр КъБР-м и Сабий фондым ираташ сурэтыщIхэу Црым Руслан, Горлов Михаил, Жылэ Анатолэ, Акъсырэ Михаил, ПIаз Аслъан, модельер Хьэщlыкlэ Зыхуаф сымэ.

Умэ Светланэ къызэрилытэмкIэ, мы проектым мыхьэнэщхэу иIэнущ зэгухьэныгъэм я псэукIэр егъэдIэкIуэныжмкIэ, уней щIапIэхэр тэмэму зэтегъэувэныжмкIэ, унагъуэ нэхъ щIыщIагъэм щыщ сабийхэр мэкъумэщ лэжьыгъэм егъэсэныжмкIэ.

МЕЧИЕВ Асхьэт,

КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущапlэм и лэжьакIуэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ №299-рп

Налшык къалэ, 2009 гъэм накъыгъэм и 28-м

Урысей Федерацэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмрэ щIыхь зиIэ я артист Мысостышхуэ Пщыгэбий Зэбэч и къуэр щIэлъхьэнымкIэ комиссэ къызэгъэпэщыным мы къулыкIэпыкIуэхэр хэту:

Фыыр Р.Б. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкIэ и министрыр *(комиссэм и унафэщI)*

Кьанокъуэ А.Хь. - Аруан муниципальнэ районым и администрацэм и Iэтащхьэр

Къумахуэ М.Л. - Урысей Федерацэм Театрым и лэжьакIуэхэм я союзым и щIыналъэ къудамэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и унафэщIыр

Расторгуев М.Н. - Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и артистыр

Рахаев А.И. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Щэнхабзэмкlэ и комитетым и унафэщIыр

Темырканэ Б.Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Композиторхэм я союзым и правленэм и тхьэмадэр

Хьэгъэ З.А. - Налшык къалэ округым и администрацэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащIэр

Шыбзыхьуэ Б.Д. - «Щоджэнщ1ыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театр» къэрал щэнхабзэ Iуэхущапlэм и художественнэ унафэщIыр

Юсупов Хь.А. - Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и артистыр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ ЯРИН Андрей

Накъыгъэм и 29-м сыхьэт 11.00-м щыщIэдзауэ 12.00-м нэсыху Къэбэрдей къэрал драмэ театрым УФ-м щIыхь зиIэ и артист, Абхъаз Республикэм и щIыхьэ артист Мысостышхуэ Пщыгэбий Зэбэч и къуэм щыIуплъэжьнущ.

Дунейм екъыжар щIэлъхьэнымкIэ комиссэ.

Къанокъуэ Арсен «Вести-24» телеканалым фыщедаIуэ

«Кризисым теухуауэ губернаторхэм жаIэ» проект щыхэзгъэм, хиубыдэу Къанокъуэ Арсен «Вести-24» телеканалым къыщыпсэлъэнущ.

ПРОГРАММЭР щатхым КЪР-м и Президентым хэхауэ зыпкърихащ дуней псом финанс Iуэхуэхэр зэрыщызэIыхьам кхыхэкIыу Къэбэрдей-Балъкъэрым и экономикэ щытыкIэм игъэта зэхъуэкIыныгъэхэр, кризисым пощIэтыныжмкI республикэм щалэжьхэр, мэкъуамэщ хозяйствэм, промышленностым, хьэрычэт Iуэхум зэрызаужьыр. А псалъэмакъыр эфирым кIуэнущ мэкъуаузгъуэм и 1-м сыхьэт 17.35-мрэ сыхьэт 23.35-рэ. Интервьюр апхуэдэу www.vesti.ru. сайтым ираIэтхэнущ.

Мы проектыр дызэрыт илъэсым и мэлыжьыхь мазэм кызэIуахащ. Абы лъандэрэ эфирым кIуащ щыIалъэ зыбжанэм я губернаторхэм драгъэкIуэкIа псалъэмакъэр.

Жэщми махуэми зэпымуеуз лажьэ «Вести-24» телеканалыр Урысейпсо къэрал телерадиокомпанием (ВГТРК-м) хохьэ. Абы Урысейм и закъуэ цIыху мелуан 50-м нэблагъэ щоплъ.

● ЗэIущIэхэр

Тезыру сом мин 300 е илъэсищ

-Зыуэ щыт Урысей- партым и Совет Нэхъыщхьэм и унафэщIхэм ящыщ Шойгу Сергей кьыхихьащ лъэпкъ зэхэгъэж зыщIхэр уголовнэ жьауат ещIэлапIихьэу, тезыр хуэфащи тельхъэн хуейуэ. Шойгу и жэрдэмыр диныгъащ УФ-м и Къэрал Думэм хэт «Зыуэ щыт Урысей» фракцэм. Депутат гуп Iуэхум хэпльэри, унафэ зыбжанэ кьащтащ, лъэпкъ зэхэгъэж зыщIхэм теухуауэ УФ-м и Уголовнэ кодексым зэхъуэжкIыныгъэ гуэркъэн хуейуэ. А Iуэхугъуэращ «Зыуэ щыт Урысей» партым и къэралхэкупсэ клубыр иджыблагъэ зэхуэзышIэсар. ЗэIущIэр кьыззIунхащ икIи иригъэкIуэкIащ КъБКъУ-м и юридическэ къудамэм и унафэщI ГъэкIэпщокъуэ Мурат.

Къэрал Думэм кьыщыхальхьа законопроектым кьеГъуэ щыхуБэм кьыдалъагъуу лъэпкъ зэхэгъэж Iуэху зезыхуэм, нацизмэр къэгъэщIэрэщIэжьным тепсэлъыхьым тезыру сом мин 300-м нэс тралъхьэну е илъэси 3-м нэс тутнакъэщым исыну. И кьулыкъур е хьыбарегъащIэ Iэмалхэр кьыгъэсэбэну апхуэдэ Iуэху базджэ зезыхьэ унафэщIхэм я тезырыр сом мини 100 - 500-м нос, илъэситхукIэ хьэпсым ирагъэсыфынущ, кьикIыжа нэужьи и Iэнатlэ иIыгъам хуэдэм илъэсищкIэ пэрыхьэну хуимыту.

ЗэIущIэм хэтахэм кьызэральытэмкIэ, законопроектым кьыбгурымыIуащэу Iыхьэ зыбжанэ хэльщи, абы елъэжьыжьын хуейщ. ЕкIуэкIа зэIущIэм кьрихьэлIащ икIи абы кьыщащэта Iуэхум хэпсэлъыхьащ КъБКъУ-м политологиемкIэ и кафедрэм и унафэщI Тен Тимур, юридическэ факультетым и студентэр.

ШУРДЫМ Мадинэ.

● Гъуэгу къежьапIэ

Куэдкlэ угъэгугъэ

Москва кьыщыдэкIащ «Псом ящхьэр дэ тхэльщ» усэ тхыльыр. Абы щызэхуэхьэсащ «Сэ гъуэзджэм и гъащIэм сыхохьэ» урысейпсо фестивалым и литературэ зэпеуэм щытекIуаХэм я Iэдакъэщ1кIэхэр. Ахэр псори хохьэ «СверА» урысейпсо сабий литературэ студием.

Педагогикэ щIэныгъэхэм я кандидат Ростовский Вадим кьыхигъащIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым Сабийхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ я творческэ зыужьыныгъэмкIэ и центрым и гъэсэнхэм зэчийшхэу эрабгъэдэлъыр.

- Богдашкин Екатеринэ, Щомахуэ Ашэмэз, Къэрцей Альберт, Теунэ Милан, Лъуп Каринэ, Криштал Юлие, Бжендзе Каринэ сымэ я усэхэмрэ рассказхэмрэ, щэн хэмылъу, кьыздэгъэкI тхьытыр ягъэдэхэнущ, - жиIащ Ростовскэм.

● Дифl догъэлъапIэ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

●Щэныгъэ

Купщіафіэу, къудамэбэу

***Иджыблагъэ Налшык щекІуэкІа Дунейпсо урысей-абхъаз симпозиум. Ар щекІуэкІа махуэхэм ящыщ зым дэ ущІэ зыбжанэрэ зыхуэдгъэзащ абы и къызэгъэпэщакІуэ нэхъыщхьэхэу РАН-м и Къэбэрдей-Балъкъэр щІэныгъэ центрым прикладной математикэмрэ автоматизацэмкІэ и щІэныгъэ-къэхутакІуэ институтым и унафэщІ, ЩІэныгъэхэмкІэ Дунейпсо Адыгэ Академием и президент, профессор Пэхъуи Іэдэмэрэ Абхъаз къэрал университетым и ректор, ЩІэныгъэхэмкІэ Абхъаз академием и академик, профессор Гварание Алекэрэ.**



Нэхущ Іэдэм Гварание Алекэ

- Урысей Федерацэмрэ Абхъаз Республикэмрэ я щІэныгъэлІ-математикхэм я ялэ дунейпсо зэхуэсщі мыр. Сыт хуэдэ мурадкэр фиІэу къыщІэкІынэщат ар?

Нэхущ Іэдэм: Дэ дызэлэкІуэ щекІуэкІа щІэныгъэр къапщтэмэ, мы симпозиумым хуэдэ, пэжу, ялэу зэхъыхэу аращ. Іуэхур дызэрымыгугъуэу щэщІа хъуащ. Ар фІы дыдэщ. Дунейпсоу щыщІэныгъэлІхэм, ефджапІэ нэхъыщІащэхэм гукъыдэж ящІащ симпозиумым хэтыну икІи кІыззэгъэпэщакІуэхэм ар хуабжьу ди гуапэ хъуащ. Хамэ къэралхэм я къалэ 20-м нэсым кІыкІа щІэныгъэлІи 100-м зыкъгъэзыхьэлІащ зэхуэсым. Дэтхэнэми математикэ щІэныгъэм здыщыпсэуфа лъагэлІэхэм, къэхутэныгъэщІэхэм я гугъу щІыщІащ, ди Іуэху епльыкІэхэмкІэ псори дызэдэгъэшащ. Симпозиумым доклад нэхъыщхьэ щызыщІар щІэныгъэлІ цІэрыІуэ, физико-математикэ щІэныгъэхэм я доктор Гварание Алекэ. Уеблэмэ абы и докладым нэхъ пасэу щыгъуазэ зыщІа нэхъыщ, сэ сухуахэ зэманыр згъэкІэщІащ, Алекэ и Іуэху епльыкІэхэр нэсу кІиІуэтэн папщІэ. А къэпсэлъэныгъэр егъэлеяуэ хущІафІэт. Зи унафэщІ университетым математикэмкІэ иужьрей илъэсхэм щызэбгъаха щІэныгъэ-къэхутэныгъэ зьхэлэмэтхэм кІыхь-зэхуэсахэр щэщІауэ щыгъуазэ ищІащ математик цІэрыІуэм.

Гварание Алекэ: ФІыщІэ ин пхузощІ, Іэдэм, сэ кІыхьуэгъэзэ апхуэдэ псалъэ дахэм щхьэкІэ. Упсэу.

Симпозиумым и гугъу пщІымэ, ар зи жэрдэмыр езы Нэхущырщ. Зы илъэс нкІыхьэ и пэкІи абы кІыжьмащІ апхуэдэ гурыІэ зэриІэр икІи, дауи, сэ ар сигукІи си псэкІи абы дэсІыгъащ. Мыбдеж кІыхьэзэщыну сыкуейт Урысей Федерацэр, сыт щыгъуи хуэдэу, ноби мамырыгъэмрэ къэралхэм яку дагъэ зэпыщІэныгъэхэр Іэбэлъэныкъуэ дунейпсо джэлэсу зэрыщытыр. Дэ тхуэдэ къэралгъуэщІэм апхуэдэ ІуэхуитІ зыхуэзбгъэзэным ди дежкІэ мыхьэнэшхуэ иІэщ. Я пэрауэ, щІэныгъэ и ІныкьыкуэкІэ дызэрызэпыщІащІэхэр гъэбыда мэхъу, езы математикэ щІэныгъэри къэхутэныгъащхьэм я пэ щІэныгъэ. Абы кІыхьэкІыу ди гуапэу, жыджэру ар къызэрэпэщыжьми егъэкІуэкІыжьми яужь дихьащ. Ар къызэдаІыгъащ ди къэралым и щІэныгъэлІ пашэхэми.

ЕтІанэрэуэ, Іуэхум политикэ лъабжьи иІэщ. СощІэ: щІэныгъэмрэ политикэмрэ зэпхакъым, ауэ мыр Іуэху щхьэхуэщ. Нэхущ Іэдэм зы тхыдэ лъабжьэ зиІэ ди лъэпкъитІыр дызэхуеушэ щІэныгъэкІи, экономикэкІи, политикэкІи, ди къэушІ Къэбэрдей-Балъкъэрым нэхьри нэхъ гъунэгъуж дыхуищІу. Апхуэдэу Абхъаз Республикэр зи щхьэ хущІытыж къэралыгъуэ нэсу Урысей Федерацэм къызэрилъытамкІи яджыри зэ щхьэхэт текІуэ Іуэхущ мыр. Абы теухуа псалъэ гуапэхэр зэрыт тхылъ симпозиумым и жэрдэмщІакІуэ Нэхущ Іэдэмэрэ абы хэтхэм ахъхуигъэхьащ ди республикэм и Президент Бгъэпэщ Сергей. «ФІыщІэ ин пхузощІ Ялэ дунейпсо урысей-абхъаз математикэ симпозиум ди къуэш республикэм кІыщыдзэрызэбгъэпэщащ папщІэ. Абы и дежкІэ мыхьэнэшхуэ иІэщ, псом хуэмыдэу Абхъаз Республикэр Урысей Федерацэм зи щхьэ хущытыкъ къэралу кІыззэриІытэтэр, - итщ а тхыгъэм. - Уэ уцІэрыІуэщ зэфІэкІ ин зиІэ щІэныгъэлІ-математикыу, кІыззэгъэпэщакІуэ ІэкъуэлъакІуэу, зи лъэпкъым хуэпэк хэкупсэ нэсу. УэинафэщІ ЩІДАА-ми РАН-м и Къэбэрдей-Балъкъэр щІэныгъэ центрым прикладной математикэмрэ автоматизацэмкІэ и щІэныгъэ-къэхутакІуэ институтми щызэфІэпхъэ пэжыгъэ псори зыхуэзынэтІар щІэныгъэм адэжи зегъэужьынырщ, дыдэгъ-абхъаз зэпыщІэныгъэхэм адэжи зегъэубгъэнщІ. ЕкІуэлІэныгъэ, пэжыгъэ купщІафІэ фиІэну сыныводхуэхъуэ».

Абхъазхэм зэи тщыгъупщэнукъым лэщІыгъуэ блэкІам и 90 гъэхэм я пащІэдэзэм къэбэрдей щІалэхэм дэ къыхтуэщІауэ щытар. Аэр я гъэ ямыблэжу хуэзэуащ ди щхьэхутныныгъэм. Къэбэрдей щІалэхэм ящыщ 12-м фІащауэ щытащ «Абхъазым и ЛІыхъужь» щІэ лъапІэр. Ар ауэ сытми кІыззэрыгуэкІ дамыгъэу зэрыщымытыр дощІэ. ПльэкъитІым дяку ипльэ зэпыщІэныгъэхэр, щІэныгъэ зэдэлэжьэныгъэхэр егъэфІэкІуэныр ди Іуэхэу щІэблэм ягъэсэ.

- Мы зэманым математикэмрэ информатикэмрэ здынэмыс щІэныгъэ къудамэ зыри къэнакъым. Нэхъ тынщхэм ящымыщ есэным щалэгъуалэр фхудегъэхьэхэр?

- Нэхущ Іэдэм: ЖыпІэнурамэ, мы симпозиумыр абыкІэ щалъхьэфІ дыдэщ. Абы хэтыну гукъыдэж зы щІалэхэм, къежІуэлэхэм я нэхъыбапІэр щалагъуэлэщ. Урысей Федерацэм, Абхъазым, Беларусым, Болгариием, Азербайджаным, нэгъуэщІ къэралхэм кІыкІа Щэныгъэлі нэхъыжьхэм я Іуэхуиті. Ар щІэныгъэлІ я еблагъэ зэгуфхэныгъэм и лэжьыгъэм хэт гуп. Симпозиумым ириубзлІэу къыздэгъэкІащ щІэныгъэлІхэм абы щащІыну докладхэр гъэкІуэлІуэ зэрыт тхылъ щхьэхуэ. АтІэ, мис абы уиплъэмэ, *(тхылъыр дегъэтІылъ агъуэ)* зэуэсыжьи щІэсхэм ужхэплъэмэ, наІуэ мэхъу ди хьэщІэхэм зи щІалэгъуэ хуэдэ зэрахэтыр. Апхуэдэ щІэблэ математикэм къыззэрыщІэуэвэр хуабжьу ди гуапэщ.

Гварание Алекэ: Псалъэм папщІэ, си гъусэу къэкІуэ щІэныгъэлІ 16-м нэхъыжьыбгъуэ дахэтыр щыщыпплІ. Адрейхэр щІэныгъэм хьыхь, абы и лъагапІэхэр зи плъапІэ щІалэгъуалэщ. Къыхэгъэщыпхъэу къызэпытэ Абхъаз къэрал университетыр матанализымрэ алгебрэмкІэ ІэщІагъэлІхэм я щІэныгъэ зэхуэдэгъэкІуэкІ ягъэм зэрыщытар. ИужькІэ, 90 гъэхэм, абы нэхъыбэу зыщІижьащ политологие, экономикэ, юрист унэтІыныгъэхэм. Ауэ мы илъэсхэм математикэ щІэныгъэм агрэуэру кьыхохьэ зи щІалэгъуэ хуэхъуэкІуэкІэр, щІэныгъэлІхэр.

- Адэкіэ сыт хуэдэ мурадхэр фиІэ?

Гварание Алекэ: Симпозиумым хэт дэтхэнэми, щэч кІыстесхьэркъым, щІэ гуэр кІыщІауэ, ар и къэралым кІыщигъэсэбэпыным хущІэкъуэ я хэку екІуэлІэжынущ. Дэ, абхъазхэри, аращ. Мыр ди ялэ дунейпсо зэхуэхъуэ щІыщІэ, абы кІыкІэлъыплъ етІуанэм ирагъэІэсыр... Нэхъыщхьэр къагъуэхэр пхытыныбгъ, щІыІэ зэпыщІэныгъэхэр гъэбыдэныр, щІэхэр кІыззэрэпэщІыныраи, ар кІыдэхъуІауэ кІыдолІыэтэ.

Ди зэхуэхэ кІэщІыр къэзгъэсэбэпу фІыщІэ хуэсщІыну сыкуейт адыгэлІ нэс икІи хэкупсэ, ЩІДАА-м и вице-президент, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ ЖьэфІыщІэ Мухьэмэд. Абы зэфІэх лэжьыгъэхэр хуэгъэпсащ ди лъэпкъхэр зэгъунэгъу хуэжьныным, ди зэпыщІэныгъэхэр гъэбыдэным.

Епсэльар **КЪАРДЭН Маритэщ.**

●Фэеплъ

КъБР-м икІа лъыкІуэхэм Къалмыкъ Октябринэрэ КъШР-м уэзышагъэр хъумэныкІэ и министр Курданов Хъусейрэ я гъусэу удз гъэгъахэр Къалмыкъ Юрэ и фэеплъ сыным тралъхьащ.

Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм щыпсэу адыгэхэм кьаэкІа щыху гъуэзэджэт Къалмыкъ Юрэ Хьэмэзт и кьуэр.

АБА ЗЭКТ къуажэ щыкІым кьыщалъхуа щІалэ кьыззэрыгуэкІым Саратов дэт юридическэ институтыр кьиухри, абы и профессор, щыхьэт и ку-итныныгъэхэмкІэ и кафедрэм и унафэщІ хьуну хуэзэфІэкІат. И гъащІэ гъэгъэм триІуэнтІыдри, 1989 гъэм Къалмыкъ Юрэ политикэ Іуэхум эритауэ щытащ.

Хьэбзэ куей судым и стажеру къыщІэзыдза щІалэр СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и депутат Урысей Федерацэм юстицэмкІэ и министр, Шынагъэ зэпыщІэныгъэмкІэ Советым хэтхэм ящыщ щытат.

- И псэльэкІэм, гупсысэкІэм гукъыдэта нэужь, Совет Нэхъыщхьэм и щІэныгъэ зэфыхьныныкІэ и комитетым и унафэщІым и кьу эдэзэу ягъэуватат. Мис абдеж щигъэлъэгъуауэ абы и зэфІэкІыр, - жеІэ Къалмыкъ Юрэ и щхьэгъусэ Октябринэ. - Ди лъэпкъым щхьэщытхъур и жагъуэщ икІи кьекІуркъым, ауэ Юрэ политикэм зэрыхьыхьэ хабзэщІэхэр кьыхэлъхьэныр щыІэхэр зэгъэзэхуэжьныр и гуащІэ куэд хилъхьащ, пэжыр кьытІэнщи, абы кьыхуалъхуауэ, хуэІэижьку кьыщІэкІат. Езыр щІыху смаджэт, и лъэр щІэ-щІэхьуурэ дэуейт. Абы щхьэкІэ кьэмынэ у, сытым дежи лэжьыгъэмрэ щІэныгъэмрэ япэ иригъэщырт. Жэщ-махуэкІэ мыжеІу з щыплажьэ кьэхъурт.

Абы и псальэм куэд елытат, нэхъыбэри арэзы кьытехъэр т. И лэжьыгъэм теухуауэ пщІэ кьыхуащІу, Юрэ дэж чэнджэщ кьыщалъхьэу щІыху тепльыжьт.

«Къэралхабзэхэр убзыхуи зэрыхуейм, кьыщынэмыщІа, ди лъэпкъ хабзэхэми дрипльакъурэ, абыхэми кьыпщхьэпэнгурэ кьыхэтыжьи хуейщ, ахэр кьыззэрыхуеибжэкьынчхьэ щІэныгъэ и къэралыгъуэ, ноби ди гъэсэныгъэ щІэныгъэ и къэралыгъуэ, ди ІуэхуитІ зэрыгъэсыжьмэ, ди щІэныгъэлІхэм я ныдэлъхьэ. ДыкъэзыгъэщІар Къалмыкъым кьыщыхъуэпсэм, эзчэйм щыслъхьажтэкьым! - кьыщджІащ КъШР-м и Президент Эбзеев Борис. - Ар икІуэкІэ щыІэр щабэт, гуапэт.

Къалмыкъ Юрэ, псэужатэмэ, 2009 гъэм илъэс 75-рэ иригъэнут. Адыгэлі щджащэм теухуауэ кьызэрэзгъэпэща фэ-епль пшыхьым иригъэлІат ди республикэм и лІыкІуэхэр - Конституцэ Судым и унафэщІ **Геляков Аб дулыхъ**, КъБР-м и Президентым и чэнджэщэгъу **Къумыкъу Борис**, КъБР-м и Парламентым и комитетым и пашэ **Іэпщэ Заур**, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и президент **Дзэ-хуебжэкьынчхьэм абы езым «зыкьыщигъэтыкъа» унэтІныныгъэхэр. Абы ущепсальэкІэ, ущыбгъэдэскІэ, апэри, етІуанэрэ, ещанэрэ хэпльагъ ущрт. Пэжщ жаІэр - Тхьэр зыгуэкІэ кьыпхуэупсэмэ, узыхуэныкьуэ щымыІэжу кьыбгъэдельхьэ. ДыкъэзыгъэщІар Къалмыкъым кьыщыхуэупсэм, эзчэйм щыслъхьажтэкьым! - кьыщджІащ КъШР-м и Президент Эбзеев Борис. - Ар икІуэкІэ щыІэр щабэт, гуапэт.

Къалмыкъ Юрэ, псэужатэмэ, 2009 гъэм илъэс 75-рэ иригъэнут. Адыгэлі щджащэм теухуауэ кьызэрэзгъэпэща фэ-епль пшыхьым иригъэлІат ди республикэм и лІыкІуэхэр - Конституцэ Судым и унафэщІ **Геляков Аб дулыхъ**, КъБР-м и Президентым и чэнджэщэгъу **Къумыкъу Борис**, КъБР-м и Парламентым и комитетым и пашэ **Іэпщэ Заур**, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и президент **Дзэ-мыхъ Къасбо** лэт, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псальэ» газетым и редактор **Хьэрэщыщ ХьэфІыщІэ Мухьэмэд** сымэ.

Ахэр Хьэбзэ куейм хиубыдэ Абазэкт къуажэ цыкІум щыІащ, Къалмыкъым и кІыхьэхьэ уда гъэгъахэр тралъхьащ.

ХьэщІэхэмрэ х эгъэрейхэмрэ щэджагъуэ нэужьым щызэхуэсьжащ Черкесск къалэм дэт къэрал драмэ театрым. Абы щызэхуэсыгъэр Къалмыкъым кьыдэлажьэу щытахэр, и нЫжьыгъуэр, и благъэхэр, и Іыхьлыхэр, къалэдэс хэр, и кьуажэгъуэр, Урысейм и щІыналъэ зыбжанэм я лІыкІуэхэр. Пшыхьым кьыщыпсэльащ кьуэд. Абыхэм Юрэ гуапэу ягу кьагъэжьякащ, Октябрини и щхьэгъусэм щІэпэжьуэ пэжу зэрыхуущытам щхьэкІэ фІыщІэ хуащІащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и лІыкІуэхэм кьабгъэдэкІыу Дзэмыкъ Къасболэт кьыщыпсальэм, зэгъэрейхэм мыпхуэдэу захуигъэзащ:

- КъШР-м и унафэщІхэм, Президент Эбзеев Борис, фэеплъ пшыхьым и кьызэгъэпэщакІуэхэм фІыщІэ ин фхуэсщІыну сыхуейт дыкьыззэрегъэблэгъам, Къалмыкъ Юрэ гуапэу фигу кьызэрырыгъэхьыжьым папщІэ.

Дэ ди лъэпкъым кьэрал, цьыхухэр, политикэ уэзэщІакІуэ куэд диІауэ тхьідэм кьыхощыщыж. Абыхэм я щІыналъэм и щІыкьымрэ кьэралым и цІэмрэ ягъэльапІэу псэуащ. Зи гугъу сщІыхьэм Къалмыкъ Юрэ и цІэр кьахолыдыкІ. Ар зымыцІыху адыгэ ди кьэралми хамэ щІыналъэхэми щыІэу кьыщІэкІынтэжьым, апхуэдизкІэ ди напІэм тельт ар!

Къалмыкъыр и лъэпкъым хуэфэщэн бинт, Къэрэшей-Шэрджэсым я щІыналъэ 1992 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым политикэ зэрызэхьэ кьыщыхьуэм, властымрэ щыІэжьу зэгурыщІыныгъэхэр зэгурыІэуэжьныкІэ абы и псальэм мыхьэнэшхуэ иІащ. Ар зэрыщытым щхьэ кьыщрапІылами, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэти, адыгэу щыІэр ди кьэушхэм дадэІэпыкьуну дыкьыхуриджагъэ щытащ.

ЩэщІэнэм зауэ кьыщыхьеяеми, Урысейм Шынагъ іэнэшагъэкІи и Советым кьыщыпсэльа нэужь, министр кьуІыкьым зэрыстекІар ди лъэпкъым игу ильынащ, ирипагъэу.

И кьару мыкІуэщІым и фІыгъэкІэ, Къалмыкъыр ДАХ-м и тхьэмадэу зэрыщытэ ильэс хэм кьэрыубыдэу, адыгэ лъэпкъым и нэр кьэпльэжат, дунейм тепхьа ди лъэпкъэгъуэхэр зэрыгъуэтыжат. Нобэр кьыздэсым Къалмыкъым и Іуэху щІэхІэм, и гупсысэкІэм, кьытухуэзриныжа Іущыгъэхэм Къэбэрдей Адыгэ Хасэр тегъ-ниухащ и псальэр Дзэмыкъым.

Пшыхьым кьжьІуэлІахэм я кьэпсэльэныр зэфІэкІа нэужь, концертым щІэхьащ. Абы кьыщыІуащ Къалмыкъ Юрэ фІыуэ илъагъуэ щыта уэрэдыкьэхэр, и гуапэу эзэпльу щыта кьафэхэри зэрызэщІащ.

КЪАНЫКЪУЭ Анфисэ.
Налшык-Черкесск-Абазэкт-Хьэдэ.

Мысостышхуэ Пщыэзбий Зэбэч и къуэр

Къэбэрдей-Балъкъэрым и щэнхабзэм пхуэмыгъэзэкІуэжьи хэщІыкІыгъэшхуэ игъуэтащ. И ныбжьыр илъэс 74-м иту 2009 гъэм нэкъыгъэм и 28-м дунейм ехыжащ Щоджэнщ1ыкІу Алий и цІэр зезыхъэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и актер нэхъ хьэлэмэтхэм ящыщ, Урысей Федерацэм щІыхь зиІэ и артист, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхь зиІэ и артист, Абхъаз Республикэм и цІыкІуэ артист Мысостышхуэ Пщыэзбий Зэбэч и къуэр. Мысостышхуэ Пщыэзбий и творческэ гъащІэр илъэсипщІ зыбжанэкІэ пІыщІауэ щытащ 1958 гъэм Луначарский Анатолий и цІэр зэрихьэу Москва дэт къэрал театр институтыр кьиуха нэужь лІэжьэн щыщІидза Къэбэрдей къэрал драмэ театру Щоджэнщ1ыкІу Алий и цІэр зезыхьэм.

Театрым щигъэзэщІа ялэ ролхэм кьыщегъэжьауэ Мысостышхуэ Пщыэзбий зыми хэмыгъуэщІэн, зэфІэкІ ин зыбгъэдэльа артисту зэрыщытыр, псэр итхьэкъуу, лъагъуэгъуафІэу сценэм зэритыдыр кьигъэльэгъуащ.

Артистым и лэжьыгъэ нэхъыфІхэм ящыщщ Щоджэнщ1ыкІу Алий и «Къамботрэ Лацэрэ» поэмэм кьыгъащІыкІа спектаклым хэт Къамбот, Щоджэнщ1ыкІу Алий и «Мадина» поэмэм кьытращІыкІа спектаклым хэт Заур, Шолохов Михаил и «ЩыщІэ къэІэтам» щыщ Давыдовым, Ибрагимбековым Р. «Асльэным ещхь» и пьесэм кьытращІыкІа спектаклым хэт Мурад, Баяджиев М. и «ЩІакІуэ кІапэм» хэт Азиз, Каплер И. и «Уафэгуагъэ ирипхуэм» хэт Матвеевым, Шатров М. «Революцэм и цІэкІэ» и пьесэм кьытращІыкІа спектаклым хэт Яшкэ, нэгъуэщІхэми я ролхэр.

Абы утыкум кьрихьэ персонажэр сыт щыгъуи егъэлея хэмыту, уи фІэщ хъуэ игъэпсырт. ИгъэзэщІа ролхэр зэи мыкІуэдыжыну къэбэрдей-балъкъэр Театр гъуэзджэм и тхьідэм хьыбэнущ.

Творческэ Іэнатіэм кьыщихьа ехьэлІэныгъэхэм икІи Къэбэрдей-Балъкъэрым и театр гъуэзджэм зеГъэужьыным куэд зэрыхищІыхьам папщІэ артистым КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат, Лакобэ Нестор и ролыр гъуэзджэу кином зэрыщІгъэзэщІам папщІэ Абхъаз Республикэм и Къэрал саугъэтым и лауреат цІэхэр кьыслащащ.

Зыхуэбгъэдэн щымыІэ зэчиишхуэ зэрыбгъэдэльам къыдэкІуэ, Мысостышхуэ Пщыэзбий гумызагъэт, гупсІанэт, гъащІэм и лъэныкъуэ куэдым дахьэх цІыхут.

Мысостышхуэ Пщыэзбий Зэбэч и къуэм, актер Іэзэм, цьыхугъуэзэжьам, и фэеплъ нэхъур куэдрэ дигу илъэнщ.

ХЬЭДЭГЪЭЛІ Аскэр Мэхьмуд и къуэр

2009 гъэм накъыгъэ мазэм и 28-м дунейм ехьажащ адыгэ усакІуэ, щІэныгъэлІ цІэрыІуэ Хьэдэгъэлі Аскэр.

Хьэдэгъэлі Аскэр и ялэ уз тхьылъэр («Гум и уэрэд») 1948 гъэм кьыдэкІащ, абы и уажьІэ дунейм кьытехьащ «Махуэ нэхуэхэр», «Си жьлэ», «Адыгэм ипхъу», «Гум фІэцІуэнэр», «Гъэгухэр», «Гугъэ нэхуэхэр» уэсэ тхьылъэхэр. Хьэдэгъэлі Аскэр и усыгъэхэр бзэ куэдкІэ зэрадзэкІащ, ахэр кьыщыдэкІащ Москва, Тбилиси, Краснодар, Налшык кьалэхэм, Тырку Республикэм, хьэрыпкъэрэлъэм, Болгариием.

Хьэдэгъэлі Аскэр кьыфІащауэ щытащ Урысей Федерацэм щэнхабзэмкІэ щыІэ зиІэ и лэжьакІуэ, Адыгэ Республикэм и цІыкІуэ тхакІуэ цІэ льапІэхэр. Адыгейм и къэрал саугъэтыр кьыхуэгъэфащащ, ЩІэныгъэхэмкІэ Дунейпсо Адыгэ Академием хэтащ.

Дунейм ехьажащ зи пщІэр пІыбгъэ, зи фІыщІэр ин усакІуэ, щІэныгъэлІ щэджащэ. Хьэдэгъэлі Аскэр кьыззэрынэкІащ адыгэ литературэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и литературэмрэ щІэныгъэхэмкІэ Дунейпсо Адыгэ Академием и президент.

Дунейпсо Адыгэ Хасэ,
Къэбэрдей Адыгэ Хасэ,
«Адыгэ псальэ» газетым и редакцІ,
Къэбэрдей-Балъкъэрым и ТхакІуэхэм я союз,
«Іуащхьэмахуэ» журналым и редакцІ.

●Щэрэдж куей

Зауэм зэхэгъэж ищІыркъым

Афганистаным щекІуэкІа зауэм Шэрэдж куейм щыщу хэкІуэдахэм я фэеплъ сын Къэщхьэтау кьуажэм щагъэувауащ иджыблагъэ. Абы таууа зэІущІэм кьекІуэлІат зауэм хэкІуэда щалагъэм я Іыхьлыхэр, куейм и унафэщІхэр, КъБР-м щыщу Афганистаным щызэуагъэхэм я зэгуэхьэныгъэм хэтхэр.

- Афган зауэм хэкІуэда ди щІалэхэм лІыкъуэныгъэ кьагъэльэгъуащ. Ар дэри тщыгъупщэ хьунукъым, кьыздэкІуэтей щІэблэри абы щыгъуазэу щытын хуейщ, - жиІащ кьуажэ администрацэм и унафэщІ Акжоев Акьмат. - Зауэм зэхэгъэж ищІыркъым. Дирайоным щызэуагъэхэу щалагъуэ Ульбашев Алим (Къэщхьэтау икІащ), Бозиев Рэмэзан (Джэрпэджэж), Жаазыкоев Исхьэсэ (Бзэвгиц), Хасаов Магомед, Гадиев Руслан (Балъкъэр Ипщэ), Бозий Азат (Зэрэгъыж).

Зэ1ущІэм кьыщыпсалъэщІ куей администрацэм и унафэщІ Темиржанов Махьтъ, ветерэнхэм я Налшык къалэ Советым и тхьэмадэ Абдулаев Мустафа, генерал-майор, Урысейм и ФСБ-м и гъунапкъэхъуамэ Іэнатіэм и управленэу КъБР-м щыІэм и унафэщІ Агеенко Иван, ветерэнхэм я Шэрэдж куей Советым и тхьэмадэ Чеченов Георгий, КъБР-м щыщу Афган зауэм хэтахэм я зэгуэхьэныгъэм и унафэщІ Тхьэгъэлэдж Тимур сымэ.

Фэеплъ сыныр кьызэІуаха нэужь, зэІущІэм кьрихьэлІахэр Щэнхабзэмкіэ унэмі ираГъэІащ. Абы Тхьэгъэлэдж Тимур Афган зауэм хэкІуэда щалэхэм я адэ-анэхэм, благъэхэм юбилейнэ медалхэр щаритащ.

ДЗЭГЪАЩТЭ Аэзэмэт.

Гъатхэ гупсысэхэр

●Щэнхабзэ

КъБР-м и ТхакІуэхэм я союзым и жьауэм щІэту лажьэ «Шыухульгъуэ» литературэ кьудамэр кьызэрызэрагъэпэщащ иджыблагъэ илъэс 20 иригъэуащ. Абы и щыхькІэ ягъэхьэзырэ зэІущІэ щекІуэкІащ Мечиев Кязим и щІэр зэриІэр Налшык дэт библиотекэм. Библиотекэм и лэжьакІуэхэм я жэрдэмкІэ кьызэрагъэпэща зэхьыхэм кьрагъэблагъащ тхакІуэ ныбжьыщІэхэм илъэс куэд льандэрэ ядалажьэ, «Шыухульгъуэм» и кьызэгъэпэщакІуэ Хьэх Сэфарбийрэ мы зэманым а кьудамэм кьекІуэлІэ ныбжьыщІэхэмрэ, Вольнэ Аул жьылагъуэм дэт 17-нэ курыт школым и класс нэхъыжьхэм щеджэжэр, журналистхэр, библиотекэ-э лэжьакІуэхэр.

Зэ1ущІэм кьрихьэлІахэр дихьэхыу едэІуащ Хьэх Сэфарбийрэ и творческэм зэрызиужьам, и гъащІэм теухуауэ кьиІуэтэжахэм. Щ1эблэм дерс щхьэпэ кьызыхъахьэ защІэт ахэр. Еджакіуэ цІыкІуэм упщІэ куэд ираташ «Шыухульгъуэгъэ» зэгуэхьэныгъэм хэтхэм. Іэмал зимыІэт школакІуэхэр зыщІэупщІэр - адыгэ усыгъэм и гъэпсыкІэм хэлъ щэхуэхэм, тхэным кьежьапІэ хуэхьэжьыкІыжьхэм, поэзием ди гъащІэм щиубыд увыпІэм, нэгъуэщІхэми. Тхакіуэ, усакіуэ ныбжьыщІэхэр Къаныкъуэ Анфисэ, Жэмбэч Рабия, Нартокъуэ Анжелэ, Гутьуэт Заремэ сымэ зэІущІэм хэтахэр ираГъэІащ. Іыхьлыхэм, цьыкуэм, гурыщІэхэм, гъащІэм теухуа я усэ, хъыбар нэхъыфІхэм.

Зэ1ущІэм адыгэ тхьібзэм, Іуэрыпуатэм зауэныным, пльэпкъ литературэр гъэпсыным, Іуэрыпуатэм и ныбжьыкІэ ІущІагъэхэм Мырзэ, Щоджэнщ1ыкІу Алий сымэ я творческэм теухуа псальэмакъ щхьэпи щекІуэкІащ. Библиотекэм и щІэныгъэрыпхьэ Кіэщт Рузанэрэ 17-нэ курыт школым щдыгъбзэмрэ литературэмрэ щызыгъэж Ехьэтэнидж Светланэрэ зэхэщакІэ и кІэухым зэгурыІуэныным хэлъ зэфІагъэкІэхэмрэ я мурадхэмрэ.

КъызэгъэпэщакІуэ зэгурыІуащ щІэблэм зауэзэщІыныкІэ мыхьэнэ ин зиІэ мыпхуэдэ зэІущІэхэм зэдэкІи пащэну.

ЛЪОСТЭН Музэ.

Уэзэгуъур къогуъуж

●Лъэпкъ проект

Республикэм и социально-экономикэ зыужьныныгъэм и упэнтІныныгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщ «АПК-м зегъэужьыныр» лъэпкъ проектыр гъэзэщІэныр. Ар Лэскэн районым къаузрехъулІэм зыщыдгъэгъуэзэм папщІэ упщІэ зыбжанэкІэ зыхуэдгъэзащ куейм мэжьымэн хозяйствэмрэ ерыскьыпхъэхэмкІэ и управленэм и унафэщІым и къуэдз Куэшей Исмэхьил.

- Исмэхьил, «АПК-м зегъэужьыныр» лъэпкъ проектыр ягъэзэщІэн папщІэ районым сыт хуэдэ хэкІыпІэхэр кьыщагъэсэбэпа?

- Мэкъумэш хозяйствэр лъэпкъ проектым зэрыхагъэхьэрэ кьуажэдэсхэм я псэукІэм зэрыльагъуэу зиужь, нэхъ ефІакІуэу хъуащ. 2005 гъэ льандэрэ «Урысейм и мэкъумэш банк» акционер обществэ зэІухам и кьудамэ куейм щыдиІэщ. Районым и цІыхухэм абы кьыщыІах ахъшэр АПК-м зегъэужьыным кьыхуагъэсэбэп. КьащІэмэ, нэгъабэ ипагъуэ 250-м кредиту мелуан 45-рэ кьратащ. АбыкІэ Іэщыпхуэу 1382-рэ кьащэхуащ. Мы гъэм дунейпсо кризисым и зэранкІэ ахъшэ щІыхуэ зратым и бжыгъэр нэхъ ягъэмащІэ. Щ1ыхьэту щІыхуи 2-3 кьагъэувын, тхылъымПІэ куэд яГъэхъэзырын хуэпІуэ иджы кьызэрыхуагъэувам кьуэдым я мурадхэр кьызэпеуд. Ауэ, сызэрепльымкІэ, кьуажэдэсым Іэщэхэуными щыхущІыкІкІэ, щегугъуКІэ, щигъашхэкІэ, дгъэпкъын чыхущІ, щІыхуэри хуэпльэнрэ.

- Яп1э нгъэщыщхъэ Іэнатіэхэм яящыщ Іэщ1ъхъуным зегъэужьныр. 2008 гъэм КъБР-м и Президентым ищІа унафэм щыкІ иткІэ, илъэс гъэнгъэуэм дыхуэкІуэн хуейщ лыр» гъэпхэкІэмкІэ езы республикэм зыкьыщІэригъэпэщыжьыным. Исмэхьил, Лэскэн районым а Іуэхур дауэ щыдзкІэр?

- Районым Іэщыпхуэу мэм 14 щыдгІэщ. Абы щыщу жэм щыкІа - 6200-рэ, мэлыр - 7400-рэ мэхъу. Уней хозяйствэхэм ящыщ 1382-рэ ящІэхуащ. Ар ящІэхуа Іуэхуитіэ зыкьыщІэрагъэпэщыжьыным